

Ci xobb bi di nga ci giis xibaar yi ci feebaru sëyi ak VIH, ay diggle ci walu set, ak yan ñooy xettu sëy yi ëpp di yombal walante feebaru sëy ak VIH, tamit ay xëttal ci bayre bukki bi ne ci jaay sa bopp.

Feebaru sëy / VIH

Feebaru sëy yi ay jangooro laañ yu nu mëna wale gånaw jootante sëy, ndam sésante yaram, ba ci ndox yi ne ci baxu goor ba jigeen. Ci jangooro yi yoon la nu rañee ci bi di VIH, doomi jangooro bi di joxe SIDA. Ndax jangooro bu mën nekk ci yaw ay at, te du la tëral. Nit ni ame VIH dara wutewuleen ak neneen ni. Ndaxte ngir Wale VIH ayle yeween day jaar ci yoon ndoxe ci yaram wi : deret, baxu goor, ndoxu bax, baxu jigeen, ba meew ndeey, tamit am buntu bu muy dugge ci yaram : awra suuf jigeen, gånaw, yoon yu woyaf der (bakkan, geemiñ), goom, gañ gañ.

Jigeen yu bari yiy jaay seen bopp da niy am njaxre ci sam seen wërguyaram ak tiit gu ëpp. Lu ka waral, xëyna da nu xalaat ligeey jaay sa bopp mooy indi feebar yi ? da nu wara sopi xalaat yi, bala boba nu siiwal xibaar yi. Te di dëggal ne jaay sa bopp tekkiwul gëna am feebar yi. Walate feebar sëy mu ngi ajo ci anam yi muy ame, ni niy same sunu werguyaram, ajowul ak dara ak ligeey bi.

Defiin

Xetu sëy wute naan ci woor ci walu wal. Li am solo mooy am xibaar bu bax bi ngir mën jël ndoggal bi gën ci xew yi. Tamul xettu sëy yi nga feqe. Fattali ne, fi mooy muy yam, yaw ya koy tan te keen du ko waxtaane.

Ci xettu sëy bi gëna wooradi mooy bi and ak yéeg ci kaw nit ndam ci kanam ba ci gånaw. Ci lolu keen du ci rañee yéeg nit ak nit, ba fowukaay. Ci bi muj xalaat ne waroo ko bokkan-te (xalaat sa bopp rek) te sol bala boobo ay rjan ba kapoot. Sëy geemiñ ak goor ñakka woor lu neew bu amul kapoot ; ngiir waññiko, bul nanju mu toor baxam ci sa geemiñ, bul xoss ci biir bala mo am ba bu sottte, maa nam bul raxass say bëññ ba ngalaxndikko ndoxu doktoor bëññ.

Mën nga am xibaar ci xobb bi [InfoVIHtal #76: Ay xayma ci ni VIH di wale.](#)

Set gi

Ñëpp xam naan set lo bax , waye ëppël ci day Indi lo wutte liñ ci soxlawoon. Raxas say bax lu bar ba jël ay doom mén indi fet feti ci sa biir, di waññi sa karaange, yokk walante te gi. Bu ñakk woorute bi yokko ndax xetti sabu yi ngaay jëffandiko. Da nu lay diggël nga baññati di jël garab (doom yi raxass bax, diiw) yi setal bax , tamit bañña ëppal ci raxass sa suuf, ba muy woow. ¡Mattel iyode ak raxas bu xoot! Ak tutti sabu oordiner doy na sëkk ci ragga pacc yi ci bitti.

Moytul ma epons yiy teeye deretu giis bax. Li gën moy nopal, ndam xam naan ne du yomb. Lu ci mën am bul bayi epons lu yagg ci yaw. Sopi ko ci diiru waxtu bu gatt sa su ne, li gën sax mooy jëffandiko ci diir bi ngay sëy rek. Tayiit, deel wéyal di jëffandiko kapoot bu goor ba bu jigeen bu la ci nex. Epons yi du nu ar ci feebari sëy yi ak VIH, ak tamit ci woona lor bo bëggul.

Giis giis

Lu bari ëppal ci raxassu, ba xalaat bi ne feebaru sëy yi mu ngi ci baxu jigeen ci tilim tilim yi mu ëmb, ba wu nu tollu nu war ko sanj. Beneen mbiir tamit mooy li askan di giise ligeeyub jaay sa bopp. Tax ba ni ciy yëngu yakaar ne nooy tooñ. Leggi nak nuñ noo wara fexe ba nu wekk nu ci su yaram ak su nu and sëy.

Giis giis bi ci ligeey jaay sa bopp taxna ba nëbb gi gëna yëss ci aduna nu sas ko ko. Taxaw ci , mooy nu fattali ne da un wara wekk , bari na un y te tamit wettu nu. Ci lolu naan niy wax bu nuy waxtane fagaru ci feebaru sëy ak VIH. Ci lolu nu dellusi ne mén nanu dund te keen du bodd. Nu xalaate ni jigeen ni mën doggal , bëgg seen bopp te toppato seen bopp.

Jëffandikokaay nu bind ko ak Senera, Mbotaay bi xex aq ak yellefu jigeen. Webam di. www.genera.org.es